



Fanmi Lavalas

**Nòt pou laprès
12 novanm 2025**

Nan yon semèn, nou pral selebre 18 Novanm dat batay Vètyè a, kote zansèt nou yo te genyen yon kòkenn chenn viktwa pou nou reprann Libète nou ak Diyite nou.

18 nov 1803-18 nov 2025, 222 kout kanon pou zansèt nou yo!

Aloske zansèt nou yo te batay pou tout moun te ka viv tankou moun, sitiasyon peyi a ap viv jodia pa sanble ditou ak sa zansèt nou yo te vle pou nou. Ensekirite pwograme a antere dwa chak moun genyen pou manje, pou jwenn lasante, dwa pou tout pitit pèp la ka ale nan bon jan lekòl ak inivèsite, dwa pou jwenn bon jan kay pou viv, dwa pou sikile lib e libè nan peyi a, dwa pou chak moun ka vote nan bon jan eleksyon lib, onèt e demokratik, dwa pou tout moun viv nan lapè ak diyite e respè youn pou lòt.

Jodi a, yon lòt fwa ankò nap konstate echèk KPT a ki te gen manda pou redrese peyi a. Echèk sa se nan tout nivo li ye apre 2 lane sa yo: ensekirite an ki agrave sou tout peyi a, revizyon konstitisyon an ki pa rive fèt, eleksyon ki pa òganize pou pèmèt peyi a gen yon prezidan eli 7 fevriye 2026. Dènye siklòn Melisa ki touye anpil moun e fè anpil dega nan Sid, Sidès, Lwès sitou nan Ti Goâv pwouve enkapasite KPT a pou reaji fas ak pwoblèm popilasyon an.

Popilasyon an pèdi tout konfyans, lap viv nan laperèz, li oblije kite kay li, li pa ka deplase jan li vle nan peyi a e li retrouve l ap viv kòm refijye nan pwop peyi l.

Alòske manda KPT a ap fini 7 Fevriye 2026, li kontinye fèmen je l sou mizè Pèp la e l ouvri je l sou dosye kap rapòte gwo lajan koripsyon tankou dosye eleksyon, dosye fòmasyon fo mamit pou pati politik elatriye.

Fanmi Lavalas di soufrans Pèp la depase limit.

Fanmi Lavalas pa ka rete endiferan e li kwè gen nesesite pou se moun serye ki pran responsabilite dirije pouvwa a nan dat 7 fevriye 2026.

Li lè li tan pou peyi a gen bon jan sekirite, bon jan eleksyon lib, kote tout moun ka vote pou nou konstwi yon lòt Ayiti kap bon pou tout moun san distenksyon.

**Yon sèl nou fèb,
Ansanm nou fò,
Ansanm ansanm nou se Lavalas.**